

**PANGARUH MODEL PROJECT BASED LEARNING NGAGUNAKEUN
MEDIA VIDEO KA HASIL DIAJAR IPAS DI SEKOLAH DASAR**

Ku

Wenny Riski Anggriani

215060064

RINGKESAN

Ieu Panalungtikan miboga tujuan pikeun mikanyaho pangarahu model Project Based Learning ngagunakeun media video kana hasil diajar peserta didik. Panalungtikan ieu dilatar belakangi ku handapna hasil diajar un dipibanda ku pamilon diajar di sakola dasar. Panalungtikan ieu migunakeun metode panalungtikan kuantitatif kalayan jenis panalungtikan nu dipake nyaeta quasi eksperimen. Desain panalungtikan un dipake nyaeta pretest and posttest control group design. Populasi dina panalungtikan ieu nyaeta sakumna pamilon diajar kelas VA jeung VB di SDN 193 Caringin Kota Bandung nu masing-masing jumlahna 24 urang. Tina hasil panalungtikan ieu nunjukkeun yen; Hasil tina uji hipoteis kapanggih nilai Sig. (2-tailed) nyaeta $0,009 < 0,05$, jadi aya bedana hasil diajar antara pamilon diajar kelas eksperimen jeung kelas kontrol; Aya paningkatan hasil diajar pamilon diajar antara kelas eksperimen jeung kelas kontrol, hal ieu kaciri tina nilai rata-rata pretest kelas eksperimen nyaeta 54,5 jeung rata-rata posttest nyaeta 84,35. Sedengkeun pikeun kelas kontrol, kapanggih rata-rata pretest nyaeta 47,92 jeung rata-rata posttest nyaeta 76,71; Dumasar kana hasil effect size, pamakean model Project based learning ngagunakeun media video mibanda pangaruh sabesar 1,06 kana kamampuhan nyimak pamilon diajar. Ku kituna, bisa disimpulkeun yen model Project based learning ngagunakeun media video boga pangaruh kana hasil diajar pamilon diajar di kelas V SDN 193 Caringin Kota Bandung.

Kecap Pamageuh: *hasil diajar, model Project based learning, media video*